

- ➡ Chak seksyon ki pi ba a dekri yon mezi ou kapab pran epi bay enstriksyon ou dwe suiv yo.
- ➡ Tout dokiman ou prezante pou prèw non ak prèw asirans dwe montre menm non an kòm non ki pral parèt sou anrejistreman an.
- ➡ Fòm ki gen yon asteris (\*) yo disponib nan nenpòt biwo Veyikil-a-Motè ak sou sitwèb [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov). Fòm yo disponib tou nan New York State Department of Taxation and Finance (Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York).

**POU ANREJISTRE** yon veyikil nan Eta New York, ou dwe pote dokiman sa yo nan yon biwo DMV:

- |   |  |
|---|--|
| <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Yon Anrejistreman Veyikil/Aplikasyon pou Tit Pwopriyete ki ranpli (fòm MV-82*).</li> <li>2. Prèw ki di w se pwopriyetè (gade paj 3). Si genyen plis pase 2 pwopriyetè, ou dwe bay tou yon Deklarasyon Patenarya oswa Kowopriyete (fòm MV-83T*).</li> <li>3. Yon kat asirans Eta New York nan non deklarasyon an (gade paj 3).</li> <li>4. Prèw enspeksyon (gade paj 4).</li> <li>5. Prèw otorizasyon taks lavant oswa fòm taks lavant ki ranpli (gade paj 4).</li> <li>6. Prèw idantite - yon lisans chofè ajou NYS ki gen foto, pèmi apranti a, oswa kat ID ki pa lisans chofè, oswa ale nan fòm ID-82* (Prèw Idantite pou Anrejistreman ak Tit Pwopriyete).</li> <li>7. Si yon sosyete anrejistre yon veyikil, prèw anrejistreman sosyete an (gade paj 4).</li> <li>8. Si yon patenarya anrejistre yon veyikil, prèw patenarya (gade paj 4).</li> <li>9. Si de moun anrejistre veyikil la, chak moun dwe bay enfòmasyon nan seksyon 1 an epi siyen seksyon 6 nan fòm MV-82* epi bay prèw idantite.</li> <li>10. Si deklarasyon an pa pwopriyetè veyikil la, pwopriyetè a dwe ranpli epi siyen seksyon 3 nan fòm MV-82*. Pwopriyetè a dwe bay yon prèw non ak dat nesans pwopriyetè a ki akseptab (gade nimewo 6 pi wo a) ak prèw pwopriyete ki akseptab pou veyikil la (gade paj 3).</li> </ol> | <ol style="list-style-type: none"> <li>11. Yon Deklarasyon Enfòmasyon Sou Odomèt si modèl machin nan se ane 2011 oswa pi nouvo epi li transfere nan 20 lane oswa mwens apre fabrikasyon li an. Pa egzanp: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon deklarasyon odomèt obligatwa pou yon machin modèl 2011 ki te transfere ant 2011 ak 2030.</li> <li>• Yon deklarasyon odomèt obligatwa pou yon machin modèl 2018 ki te transfere ant 2018 ak 2037.</li> </ul> Si prèw pwopriyete a pa genyen yon Deklarasyon sou Odomèt, nouvo pwopriyetè a ak moun k ap vann lan dwe ranpli epi siyen seksyon Deklarasyon sou Odomèt nan fòm MV-103*.</li> <li>12. Si prèw pwopriyete a soti nan Eta New York, epi veyikil la gen 8 lane oswa pi resan, bay yon Deklarasyon sou Dega. Si prèw pwopriyete a pa genyen yon Deklarasyon sou Odomèt, nouvo pwopriyetè a ak moun k ap vann lan dwe ranpli epi siyen seksyon Deklarasyon sou Odomèt nan fòm MV-103*.</li> <li>13. Yon dokiman lavant (gade paj 4, Prèw Revandikasyon Taks Lavant).</li> <li>14. Yon Pwokirasyon orijinal si yon moun, patenarya oswa sosyete bay yon moun pwokirasyon pou achte, vann oswa anrejistre yon veyikil (gade paj 4, Pwokirasyon).</li> <li>15. Peman. Yo kapab peye frè a avèk lajan kach, chèk, chèk postal oswa kat kredi (Visa, Mastercard, American Express oswa Discover). Mèt kat kredi a dwe prezan pou tranzaksyon an.</li> </ol> |
|---|--|

**POU RANPLASE** dokiman anrejistreman ki detwi oswa andomaje:

- |  |   |
|--|---|
| <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Bay yon Anrejistreman Veyikil/Aplikasyon pou Tit Pwopriyete ki ranpli (fòm MV-82*).</li> <li>2. Si youn nan plak machin yo pèdi, bay plak ki rete a.</li> <li>3. Si anrejistreman an oswa plak machin yo pèdi akòz yon krim, soumèt yon “Rapò Objè Veyikil-a-Motè Pèdi, Vòlè oswa Konfiske” (fòm MV-78B) oswa yon lèt ki soti nan yon sèvis polis epi yo pral ranplase anrejistreman an oswa plak yo gratis ti cheri.</li> </ol> | <ol style="list-style-type: none"> <li>4. Bay yon prèw idantite (gade nimewo 6 ki pi wo a).</li> <li>5. Pou w ranplase plak machin lan, bay yon kat asirans NYS ki nan non deklarasyon an (gade paj 3, Prèw Pwoteksyon Asirans).</li> <li>6. Peye frè a (gade nimewo 15 ki pi wo a).</li> </ol> |
|--|---|

**POU CHANJE** enfòmasyon ki sou yon dokiman anrejistreman, yon dokiman tit pwopriyete oswa toude:

- |  |  |
|--|--|
| <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Bay yon Anrejistreman Veyikil/Aplikasyon pou Tit Pwopriyete ki ranpli (fòm MV-82*).</li> <li>2. Pou veyikil ane 1973 oswa ki pi resan yo, bay Sètifika Tit Pwopriyete a (fòm MV-999).</li> <li>3. Bay prèw idantite deklarasyon an oswa pwopriyetè a (gade nimewo 6 anba ribrik “Pou Anrejistre” ki pi wo a).</li> </ol> | <ol style="list-style-type: none"> <li>4. Pou yon chanjman nan non, patenarya, ane veyikil, nimewo idantifikasyon veyikil, oswa klas anrejistreman an bay: <ol style="list-style-type: none"> <li>a. prèw enspeksyon, si li obligatwa (gade paj 4)</li> <li>b. prèw chanjman an</li> <li>c. prèw asirans</li> </ol> </li> <li>5. Peye frè a (gade nimewo 15 lan anba ribrik “Pou Anrejistre” ki pi wo a).</li> </ol> |
|--|--|

**POU RENOUVLE** yon anrejistremman veyikil, bay:

1. Yon envitasyon Renouvèlman Anrejistremman Veyikil ki ranpli (fòm MV-3 oswa OP-3). Si fòm lan pa disponib oswa si yo dwe korije enfòmasyon ki sou fòm lan, bay yon "Aplikasyon pou Anrejistremman / Tit Pwopriyete Veyikil (fòm MV-82\*)" ak prè idantite (gade nimewo 6 anba ribrik "Pou Anrejistre" nan paj 1).
2. Prè idantite - yon lisans chofè ajou ki gen foto, pèmi apranti a oswa kat ID ki pa lisans chofè Eta New York, oswa ale nan fòm ID-82\* (Prè Idantite pou Anrejistremman ak Tit Pwopriyete).
3. Yon kat asirans Eta New York (gade paj 3).
4. Prè enspeksyon, si li obligatwa (gade paj 4).
5. Peye frè a (gade nimewo 15 lan anba ribrik "Pou Anrejistre" nan paj 1).

**POU TRANSFERE PLAK** nan yon machin diferan:

1. Bay yon Anrejistremman Veyikil/ Aplikasyon pou Tit Pwopriyete ki ranpli (fòm MV-82\*).
2. Bay prè ki di w se pwopriyete (gade paj 3, Prè ki Akseptab).
3. Bay yon kat asirans Eta New York ki ajou nan non deklarasyon an. Kat la dwe se pou veyikil yo pral transfere plak yo ladan li a (gade paj 3).
4. Bay prè enspeksyon (gade paj 4).
5. Bay prè revandikasyon taks lavant (gade paj 4).
6. Bay prè idantite (gade nimewo 6 anba ribrik "Pou Anrejistre" nan paj 1)
7. Si deklarasyon an pa pwopriyete veyikil la, pwopriyete a dwe ranpli ak siyen seksyon 3 nan Aplikasyon pou Anrejistremman /Tit Pwopriyete Veyikil (fòm MV-82\*). Pwopriyete a dwe bay yon prè non ak dat nesans pwopriyete a ki akseptab (gade nimewo 6 anba ribrik "Pou Anrejistre" nan paj 1) ak prè pwopriyete ki akseptab pou veyikil la (gade paj 3).
8. Peye frè a (gade nimewo 15 anba ribrik "Pou Anrejistre" nan paj 1).

**POU MANDE SÈLMAN YON TIT PWOPRIYETE, SE PA YON ANREJISTREMMAN**

- pou yon veyikil ane 1973 oswa ki pi resan
- pou yon trelè ane 1973 oswa ki pi resan ki gen yon pwa a vid ki 1,000 liv oswa plis
- pou yon kay prefabrike ane 1995 e ki pi resan ki gen yon lajè minimòm 8 pye, oswa yon longè 40 pye lè yo transpòte li, oswa ki fè omwen 320 pye kare apre yo fin mete kay la sou yon sit

1. Bay yon Aplikasyon pou Tit (fòm MV-82TON\*), oswa Aplikasyon pou Anrejistremman/Tit Pwopriyete Veyikil (fòm MV-82\*).
2. Bay prè ki di w se pwopriyete (gade paj 3). Si genyen plis pase 2 pwopriyete, ou dwe bay tou yon Deklarasyon Patenarya oswa Kowopriyete (fòm MV-83T\*).
3. Bay prè idantite pwopriyete a (gade nimewo 6 anba ribrik "Pou Anrejistre" nan paj 1).
4. Si tit pwopriyete a pral nan non yon sosyete, bay prè anrejistremman sosyete an (gade paj 4).
5. Si tit pwopriyete a pral nan non yon patenarya, bay prè patenarya a (gade paj 4).
6. Bay prè revandikasyon taks lavant: yon resi (fòm FS-6T) disponib nan nenpòt biwo Veyikil-a-Motè, oswa yon Sètifika Lavant an Detay (fòm MV-50) ki soti nan men yon dilè Eta New York (gade paj 4).
7. Bay yon Deklarasyon Enfòmasyon Sou Odomèt si modèl machin nan se ane 2011 oswa pi nouvo epi li transfere nan 20 lane oswa mwens apre fabrikasyon li an (gade nimewo 11 anba "Pou Anrejistre" sou paj 1). Si prè pwopriyete a pa genyen yon Deklarasyon Enfòmasyon sou Odomèt, nouvo pwopriyete a ak moun k ap vann lan dwe ranpli epi siyen seksyon Deklarasyon sou Odomèt nan fòm MV-103\*.
8. Si prè pwopriyete a soti nan Eta New York, epi veyikil la gen 8 lane oswa pi resan, bay yon Deklarasyon sou Dega. Si prè pwopriyete a pa genyen yon Deklarasyon sou Odomèt, nouvo pwopriyete a ak moun k ap vann lan dwe ranpli epi siyen seksyon Deklarasyon sou Odomèt nan fòm MV-103\*.
9. Bay yon chèk oswa chèk postal ki peyab sou non "Commissioner of Motor Vehicles" (Manm Komisyon Veyikil-a-Motè). Frè pou jwenn yon tit pwopriyete se:
  - \$50 pou yon veyikil, trelè oswa bato
  - \$125 pou yon kay prefabrikeYo kapab trete pifò aplikasyon yo nan nenpòt biwo DMV (gade "NÒT" ki pi ba a), oswa ou kapab voye dokiman ki dekri nan seksyon sa a nan adrès ki pi ba a (voye fotokopi prè idantite, sosyete oswa patenarya).

Title Bureau  
NYS Department of Motor Vehicles  
6 Empire State Plaza  
Albany NY 12228

**PA VOYE APLIKASYON POU ANREJISTREMMAN VEYIKIL NAN ADRES SA A**

**REMAKE: Ou dwe voye bay Biwo Tit Pwopriyete aplikasyon pou SÈLMAN yon TIT PWOPRIYETE ki gen sa yo ladan:**

- Privilèj pou Mekanisyon
- Sètifika Sovtaj
- Kay Prefabrike
- Bato
- Veyikil ki kosyone
- Yon dilè oswa fabrikasyon ki vle jwenn yon tit pwopriyete pou yon veyikil achtè a te retounen selon Lwa sou Machin ki gen defo

## PRÈV KI AKSEPTAB YO (*Bay Sèlman Dokiman Orijinal yo*):

**PRÈV PWOPRIYETE** Si okenn nan sitiyasyon ki dekri pi ba yo aplikab pou ou, ale sou [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov) oswa ale nan yon biwo DMV.

1. Si yo te achte veyikil la nan men yon dilè ki nan Eta New York epi veyikil la:
  - a. **Tou nèf** - Bay yon Sètifika Lavant an Detay (fòm MV-50) oswa nenpòt resi tranzaksyon DMV dilè a bay **AK** yon Sètifika Orijin Fabrikan an.
  - b. **Izaje** - Bay yon Sètifika Lavant an Detay (fòm MV-50) oswa nenpòt resi tranzaksyon DMV dilè a bay **AK** swa yon tit pwopriyete swa yon anrejistreman ki transferab.

---

2. Si yo te achte veyikil la nan men yon dilè ki pa nan Eta New York, epi moun ki gen dwa privilèj la pa genyen tit pwopriyete a:
  - a. Pou yon **veyikil NÈF** - Bay yon dokiman lavant **AK** yon Sètifika Orijin Fabrikan an (MCO) ki transfere bay nouvo pwopriyete a. Si MCO a pa gen espas pou yon transfè, prezante MCO a ak dokiman lavant lan pou chak transfè ak nenpòt re-afektasyon.
  - b. Pou yon **veyikil IZAJE** - Bay yon dokiman lavant **AK** yon anrejistreman tit pwopriyete orijinal ki deyò Eta a oswa ki transferab, ak nenpòt re-afektasyon.

---

3. Si yo te achte veyikil la nan men yon dilè ki pa nan Eta a epi moun ki gen dwa privilèj la gen tit pwopriyete a:
  - a. Bay yon kopi tit pwopriyete a nan non pwopriyete a, **moun ki gen dwa privilèj la oswa Ajans Veyikil-à-Motè ki deyò Eta yo sètifye**. Sètifikasyon an dwe parèt sou menm paj la, **OSWA** sou yon Memorandòm Tit Pwopriyete, **OSWA** sou yon ekstrè nan pwopriyete Ajans Veyikil-a-Motè yo bay, epi montre non pwopriyete veyikil la, **EPI**
  - b. Bay yon deklarasyon moun ki gen dwa privilèj la ki gen ladan non pwopriyete a ak ane, mak veyikil la, ak Nimewo Idantifikasyon Veyikil (VIN) la. Deklarasyon an dwe sou yon antèt moun ki gen dwa privilèj la, epi li dwe di moun ki gen dwa privilèj la gen tit pwopriyete orijinal la epi li konprann yo pral itilize kopi tit pwopriyete a pou anrejistre veyikil la nan New York. Deklarasyon an pa dwe pliye anba okenn kondisyon (pa egzanp, moun ki gen dwa privilèj la pa kapab mande DMV pou avèti moun ki gen dwa privilèj la apre yo fin anrejistre veyikil la).

**Enpòtan:** DMV pa ka bay yon anrejistreman ki ka transfere oswa yon tit toutotan ou pa bay DMV dokiman pwopriyete ki deyò eta yo. Voye yon demann pou yon tit pwopriyete nan Eta New York moun ki gen dwa privilèj la te ba w epi yon kopi anrejistreman nan Eta New York bay Biwo Tit Pwopriyete a nan adrès ki pi ba a. DMV pral voye tit pwopriyete a oswa anrejistreman transferab la ba ou.

**Title Bureau, NYS Department of Motor Vehicles, 6 Empire State Plaza, Albany, NY 12228**

4. Si yo te lwe veyikil la nan men yon konpayi lokasyon ki pa nan Eta a epi konpayi lokasyon an gen tit pwopriyete a:
  - a. Bay yon kopi tit pwopriyete ki deyò Eta nan non konpayi lokasyon an, **AK**
  - b. Yon lèt ki soti nan konpayi lokasyon an ki di konpayi a konnen ak konprann yo pral itilize kopi tit pwopriyete a pou anrejistre veyikil la nan New York, **AK**
  - c. Yon Anrejistreman Veyikil/Aplikasyon pou Tit Pwopriyete (fòm MV-82\*) ki gen seksyon “Si PWOPRIYETÈ veyikil la DIFERAN ak DEKLARAN AN” pwopriyete veyikil la siyen, **OSWA** yon Pwokirasyon kote pwopriyete veyikil la ba w pèmasyon pou w anrejistre veyikil la nan Eta New York.
  - d. Bay tou yon kopi lokasyon veyikil la ki endike peman lokasyon mansyèl la ak dire lokasyon an.  
**REMAKE: Ou ka oblije peye taks lavant nan Eta New York sou balans peman lokasyon yo.**

Lè ou achte yon veyikil lokasyon, konpayi lokasyon an dwe transfere tit pwopriyete a ba ou. Pou w transfere tit pwopriyete veyikil la nan non w, ou dwe ranpli fòm MV-82\* oswa MV-82TON\*, epi peye taks sou lavant ki aplikab la.

## PRÈV PWOTEKSYON ASIRANS

1. Yon Kat Idantifikasyon Asirans Eta New York ajou ki valid nan non deklarasyon an, oswa
2. Pou yon Veyikil Lokasyon, fòm FH-1 (Sètifika Asirans), oswa
3. Yon pèmi Depatman Transpò federal oswa Depatman Transpò Eta New York bay, oswa
4. Yon sètifika oto-asirans.

## PRÈV KI AKSEPTAB YO (kontinye)

### PRÈV ENSPEKSYON

1. Yo dwe enspekte veyikil yo achte nan men yon dilè Eta New York **nan** kad lavant lan. Enspeksyon an dwe make sou Sètifika Lavant lan (fòm MV-50) oswa Sètifika Lavant Elektwonik la (fòm eMV-50).
2. Veyikil ki transpòte pasaje yo ka bezwen:
  - Otorite Fonksyonman NYS DOT (gade <https://www.dot.ny.gov/divisions/operating/osss/bus/passenger>);
  - Enspeksyon NYS DOT (gade <https://www.dot.ny.gov/divisions/operating/osss/bus/inspection>); epi/oswa ou tonbe anba
  - Atik 19-A egzijans (gade <https://dmv.ny.gov/motor-carriers/information-and-forms-article-19>)
3. Yo dwe enspekte tout lòt veyikil yo apre yo fin anrejistre yo nan Eta New York pou premye fwa. Lè w anrejistre veyikil ou an, y ap ba w yon viyèt enspeksyon tanporè pandan 10 jou pou w mete sou machin lan. Veyikil ou an dwe pase enspeksyon nan espas 10 jou.

### VEYIKIL KI CHANJE YO

1. Si veyikil ou an te chanje oswa agrandi pou ogmante kantite pasaje li kapab pran, ou dwe prezante nan biwo DMV ak yon foto oswa yon kopi tout etikèt ak plak yo (yo mete nòmman sou pòt bò chofè a). Si veyikil la te chanje oswa agrandi epi kounye a li gen kapasite pou li pran 9 granmoun oswa plis (ak chofè a ladan), ou dwe montre Resi Enspeksyon orijinal NYS DOT OSWA yon Lèt Egzanpsyon NYS DOT.

### PRÈV REVANDIKASYON TAKS LAVANT

1. Si yo te achte veyikil la nan men yon dilè ki nan Eta New York, bay Sètifika Lavant lan (fòm MV-50).
2. Si yo te achte veyikil la nan men yon dilè ki pa nan Eta New York, yon moun, oswa yon konpayi, ranpli fòm DTF-802\*\*. Seksyon 6 la dwe ranpli tou si veyikil la se yon kado oswa yo vann li pou yon pri ki ba bay yon moun ki pa yon mari oswa madanm paran, pitit, bòpè oswa bèlmè, oubyen bèlfi oswa bofis. Si Seksyon 6 la pa obligatwa, yon dokiman lavant moun k ap vann lan siyen obligatwa. Si yo vann yon trelè pou yon pri ki ba oswa trelè a se yon kado, yo dwe toujou ranpli Seksyon 6 la.
3. Si w reklame yon egzansyon nan peman taks lavant, ranpli fòm DTF-803\*\*. Ou ka oblije prezante prèv pou egzansyon an.
4. Si yo te peye taks lavant lan nan yon lòt Eta epi kredi pou peman sa a otorize, ranpli fòm DTF-804\*\* epi bay yon dokiman lavant. Ou dwe peye balans ou dwe, si genyen. Si kredi a pa otorize, ranpli fòm DTF-802\*\*.

### PRÈV ANREJISTREMAN (Enkòporasyon)

1. Bay yon tit pwopriyete, anrejistremant oswa nimewo plak nan Eta New York yo bay yon veyikil sosyete a anrejistre, oswa
2. Bay yon kopi sètifye Sètifika Enkòporasyon an, oswa
3. Yon sètifika ki gen so, oswa yon resi depo Depatman Eta New York bay.
4. Pou òganizasyon komèsyal ki pa sosyete yo (pa egz, LLP, LLC, elatriye), tanpri kontakte yon biwo DMV pou detèmine prèv ki akseptab yo.

### PRÈV PATENARYA, DBA, oswa ITILIZASYON NON KOMÈSYAL

1. Pou yon patenarya - Bay yon Sètifika Patenarya ki depoze bòkote Grefye Konte a.
2. Pou moun yo ki itilize yon non komèsyal (DBA) - Bay yon kopi resi depo DBA a Grefye Konte a bay.
3. Pou sosyete yo ki itilize yon non d'emprunt (assumed name) - Bay yon kopi sètifye pou sètifika non prete a Sekretè Deta, Divizyon Sosyete yo bay.

### PWOKIRASYON

Yo dwe prezante yon pwokirasyon lè yon antite (sa vle di, "Mandan an") bay yon moun ("Mandatè") otorite gras ak yon Pwokirasyon pou l achte, vann, oswa anrejistre yon machin Mandan an posede. Pwokirasyon an dwe gen sa yo ladan li:

1. Dat Mandan an te siyen Pwokirasyon an;
2. Siyati notarye, non, ak adrès Mandan an (antite ki bay Pwokirasyon an);
3. Non ak adrès Mandatè a (moun yo bay otorite gras ak Pwokirasyon an);
4. Si sa aplikab, non ak adrès sosyete oswa patenarya a.

**REMAKE: Mandatè a (moun yo bay Pwokirasyon an) dwe ekri "P.A." apre li fin siyen tout fòm yo.**

\*\* Fòm taks lavant DTF yo disponib nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York.